**BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**MAGİSTRATURA BO'LİMİ**

**«INFORMACIYALIQ SISTEMALAR» PA'NİNEN**

# *REFERAT*

TEMA: **HTML TILI HAQQINDA TU'SINIK**

**ORINLAG'AN:** **JOLSASOVA N.**

**QABILLAG'AN:** **IBRAGIMOV Q.**

**NO'KİS 2016 j**

## MAZMUNI

KIRISIW ........................................................................................................ 3
HTML tili haqqi'nda ........................................................................................ 5
Web-betlerge dizim jaylasti'ri'w ......................................................................... 7
Web-bette kestelerdi jarati'w tegleri ha'm  wolardi'n' atributlari' ........................ 11
Web-betke keste wornati'w.............................................................................. 17
HTML hu'jjetke grafik obiektin jaylasti'ri'w ........................................................ 21
Grafik obiektti Web-betine jaylasti'ri'w ............................................................. 24
JUWMAQLAW ................................................................................................ 33
PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR ................................................................. 34

KIRISIW

Ha'zirgi  ku'nde Internet pu'tkil du'nya informatsiya tarmag'i' yesaplanadi'.

Bul tarmaqta mag'liwmatlar  HTML (Hyper Text markup Lenguage) formati'ndagi' fayllarda saqlanadi'.Bunday tu'rdegi hu'jjetler  az ko'lemli boli'p ,wolardi' tarmaqta qi'sqa waqi't ishinde jaylasti'ri'w imkaniyati' bar. HTML hu'jjetlerdi HTML tili ja'rdeminde a'piwayi bloknot  da'stu'rinde yamasa arnawli' web-redaktorlari'nda tayarlaw mu'mkin. HTML- bul arnawli' til boli'p, Woni'n' ja'rdeminde Internet web- betlerine kiritilip ati'rg'an mag'li'wmatlar tayarlanadi'. HTML din' birinshi versiyasi' Evropa elementar  bo'leksheler fizikasi laboratoriyasi' jumi'sshi'si'  Tim Berners-Li ta'repinen islep shi'g'ilg'an.

HTML fayli'n wo'zlestiriw ushi'n tiykarinan yeki tu'rli ko'rinistegi redaktorlar kerek boladi'.

1.HTML fayllari'n ko'riwge mo'lsherlengen qa'legen brauzer da'stu'rleri.Bularg'a Netscape  Navigator, Internet Explorer, Htmlhelp.exe ha'm basqalardi' mi'sal yetip ali'w mu'mkin.

2.Tan'lang'an  kodirovkag'a  mas kirillsha ha'riplerdi ko'riwshi qa'legen tekstli fayllardi' baspa yetiwge mo'lsherlengen redaktorlar.

Bularg'a **NamoWeb Editror5.5,Dreamweaver,homeSite,FrontPage,Word,Notepad** ha'm basqalardi' mi'sal yetiw mu'mkin.

Biz HTML hu'jjetlerdi tayarlawda tekstli redaktorlardan ,tayar hu'jjetlerdin' Internet diziminde qanday ko'riniste payda boli'wi'n tekserip ko'riwimiz ushi'n brauzerlerden paydalani'wi'mi'z mu'mkin.

HTML fayli'n qa'legen lokal kompyuterlerde tayarlap aliw mu'mkin.Yag'ni'y,HTML hu'jjet tayarlani'p ati'rg'an waqi'tta kompyuter Internet dizimine jalg'ang'an boli'wi sha'rt yemes.

HTML fayli'n  bir waqi'tti'n' wo'zinde ha'm tayarlaw,ha'm ko'riw redaktorlari'nda  ashi'w mu'mkin.Bloknotta  kiritilgen wo'zgertiwlerdi ko'riw ushin birinshi na'wbette fayldi yadqa  **.htm** ken'eytpe menen saqlaw,keyin bolsa

woni’ qandayda bir brauzer da’stu’ri,ma’selen, **Internet Explorerde** iske tu’siriw kerek.

HTML HU’JJETIN PAYDA YETIW

HTML hu’jjeti –a’piwayi’ **.htm** ken’eytpeli, tekstli fayl.Web -betlerdi HTML tili ja’rdeminde a’piwayi’ tekst redaktori’nda (ma’selen, Bloknotta) payda yetiw mu’mkin. HTML gipertekstlerdi belgilew tili boli’p, barli’q buyri’qlar “<”ha’m “>” belgileri arasi’nda jazi’ladi.Bul belgi arasi’ndag’i’ ha’r bir komanda **teg** (teg-inglisshe) dep ataladi’.

Tegler arqali’ tekstli hu’jjettin’ formatlari’n (fon ren’i’, shriftlardi’n’ ren’i’ ha’m u’lkenligi, abzatslardi’n’ tegisleniwi si’yaqli’lar) ani’qlaw mu’mkin.A’dette tekstli fayldi’n’ wo’zinde bunday bezewli formatlaw fayl wo’lsheminin’ u’lkeyiwine ali’p keledi. HTML tilinin’ belgileri arqali’ aji’rati’lg’an HTML hu’jjeti kishi ko’lemli ha’m brauzer aynalari’nda pu’tin bezekleri menen payda boladi’.Bul HTML hu’jjetlerinin’ tarmaqlar arqali’ jiberiliw imkanin asi’radi’,sebebi fayldi’n’ ju’kleniwine az waqi’t sarplanadi’.HTML tilin bilgen adam web-redaktorlari’si’zda yerkin web-betlerin jarati’wi’ mu’mkin [5].

# HTML tili haqqi'nda

HTML hu'jjet strukturasi' programmalaw tilleri strukturasi'na uqsas boli'p,aldi'n ashi'lg'an teg aqiri'nda jabi'ladi'.hu'jjettin' wo'zi jalg'i'z u'lken blok yesaplani'p,<**HTML**> tegi menen baslanadi' **</HTML>**tegi menen tawsi'ladi'**:**
<**HTML**> hu'jjettin' qurami' **<HTML>**
**HTML** hu'jjettin' qurami' ishpe-ish jaylasqan 2 tiykerg'i' bloktan ibarat,bular:

1. Hujjettin' atamasi' (HEAD);
2. Tiykarg'I' bo'limi (BODY) [1].

Yen' a'piwayi' HTML hu'jjetinin' ko'rinisi:

```
< html>
< head>
< title> 1-mi'sal </title>
< /head>
< body>
<H1> Sa'em! </H1>
<P>Da'slepki web-saytim.</P>
</body>
</html>
```

HTML tegleri eki tu'rge bo'linedi:

- Jup tegler,bul jag'dayda ha'r bir ashi'li'p ati'rg'an <teg> ushi'n sonday at penen tek "/" belgini qosi'w menen payda yetilgen </teg> jabi'ladi';
- Taq tegler, bul jag'dayda ashi'lg'an tegtin' jabi'liwi za'ru'r bolmaydi'.

Teglerdi lati’n alfavitindegi u’lken yamasa kishi ha’riplerden paydalani’p jazi’w mu’mkin.Ma’selen,<body>,<BODY> HA’M <Body> belgileri birdey ma’nisti an’latadi’.Ayi’ri’m bir tegler qosi’msha atributlar menen keliwi mu’mkin.

Bul atriburlar teg ishindegi mag’liwmatti’n’ qanday ko’riniste qayta isleniwin an’latadi’.Tegler ishpe-ish jaylasi’wi’da mu;mkin.Ha’r bir ashi’lg’an belgi (teg) wo’zinen aldi’ng’i’ ashi’lg’an belgiden (tegten) aldi’n jabi’li’wi’ sha’rt.

Mi’sal ushi’n,

```
    < html>
    < head>
    <body>
<p> Da’slepki web-sayti’m.</P>
    < /head>
    < /body>
    </html>
```

Ko’riniste  jazi’lg’an HTML teksti naduri’s.

Barli’q HTML teglerin wazi’ypasi’na qaray  sali’sti’ri’p to’mendegi gruppalarg’a aji’rati’w mu’mkin:

- Hu’jjettin’ du’zilisin ani’qlawshi’ ;
- Gipertekst bloklari’n (paragraph,dizimler,kesteler,su’wretler) jayg’asti’ri’wshi’;
- Gipertekstli mu’rajatlar  ha’m tayani’sh noqatlari’n wornati’wshi’;
- Dialog wornati’wg’a mo’lsherlengen formatlardi’ jarati’wshi’;
- Programmani’ shi’g’ari’wshi’ [1,4].

# Web-betlerge dizim jaylasti’ri’w

MS Word tekst protsessori ja’rdeminde tayarlang’an hu’jjetta dizim payda yetiwdin’ 2 tu’rli usi’li’ bar, biri markerli ( tu’ymesi ja’rdeminde) yekinshisi ta’rtiplengen ( tu’ymesi ja’rdeminde) dizim, ma’selen:

| Markerli dizim | Markerli Dizim | Markerli dizim | Tartiblanagan dizim | Tartiblanagan dizim |
|---|---|---|---|---|
| ● Informatika<br>● Matematika<br>● Tariyx | ○ Informatika<br>○ Matematika<br>○ Tariyx | ▪ Informatika<br>▪ Matematika<br>▪ Tariyx | 1. Informatika<br>2. Matematika<br>3. Tariyx | A. Informatika<br>B. Matematika<br>C. Tariyx |

Web-betlerge dizim kiritiw ushi’n <UL> (unordered list – ta’rtiplenbegen, yag’ni’y markerli dizim) yaki <OL> (ordered list - nomerlengen dizim) jup teglerinen paydalani’ladi’. HTML-hu’jjette <OL> ha’m <UL> teglerinen keyin jaylasqan mag’luwmatlar web-brauzer ta’repinen won’ ta’repke belgili bir arali’qta shegingenligin ko’riw mu’mkin. Dizim elementlerin belgilew ushi’n <LI> (list item –dizim elementi) jup bolmag’an tegi qollani’ladi’. <LI> tegi menen baslang’an dizim elementi barqulla jan’a bette sa’wlelenedi. Ma’selen, kestedegi birinshi bag’anadag’i’ markerli dizimdi an’lati’wshi’ HTML-hu’jjet ko’rinisi to’mendegishe jazi’ladi’:

```
<html>
<UL>
<LI type=disk> Informatika
<LI type=circle> Matematika
<LI type=square> Tarix
</UL>
</html>
```

Bunnan to’mendegi soraw ju’zege keledi: qalay yetip marker ko’rinisin wo’zgertiw mu’mkin?

Markerli dizimdi belgilewshi <UL> tegi TYPE parametri menen jazi’liwi’ mu’mkin. Bul parametr disk (do’ngelek), circle (shen’ber), square (boyalg’an kvadrat) ma’nisli boli’wi’ mu’mkin. Ma’selen <UL TYPE = square>. Eger <UL> tegi joqari’dag’i’ si’yaqli’ jazi’lsa web-brauzer dizim markerin disk ma’nisli dep yesaplaydi’. Dizim elementin ko’rsetiwshi <LI> tegi ha’m TYPE parametri menen jazi’li’wi’ mu’mkin:




Kestedegi ta’rtiplengen dizimdi web-bette sa’wlelendiriw kerek bolsa, HTML-hu’jjet ko’rinisi ha’m web-brauzerde ko’rinisi to’mendegishe boladi’:




Yeger dizim ta’rtip nomeri 1 den basqa sannan (ma’selen, 3 ten) baslani’wi’ kerek bolsa, <OL> tegi START parametri menen birge isletiledi. Ma’selen: <OL start = 3>. Yeger dizim lati’n ha’ripleri ya’ki rim stifrlari’ arqali’ ta’rtipleniwi lazi’m bolsa, wol jag’dayda <OL> tegi TYPE parametri menen birge isletiledi. Tap sol si’yaqli’ <LI> tegi de TYPE ha’m VALUE parametrlari menen birge isletiliwi mu’mkin.

To’mendegi mi’sal web-bette tu’rli ko’rinistegi ta’rtiplengen dizim qanday jaylasti’ri’li’wi’n ayqi’n ko’rsetip beredi:




Ayi’ri’m web-betler suli’w ha’m i’qsham boli’wi’ ushi’n markerli dizimde marker retinde grafik ko’rinislerden paydalang’anin ko’riw mu’mkin. Biraq, web-bette grafik elementlerinin’ bar yekenligi jiberilip ati’rg’an mag’luwmat ko’lemin asi’ri’p jiberedi.Su’wretli dizimdi payda yetiwde <LI> teginin’ za’ru’rligi bolmaydi’.Su’wretli dizim elementlerin bir-birinen aji’rati’w ushi’n <P> ya’ki <BR> teglerinen paydalani’w mu’mki’n. Grafik markerli dizim qalay payda yetiliwin to’mendegi mi’salda ko’riw mu’mkin:




Yeskertiw, bul jerde “Barglar.gif” grafik fayl boli’p, wol usi’ web-bet saqlani’p ati’rg’an katalogda jaylasqan [4,5].

Internet tarmag’i’nda ju’da’ ko’p u’yteriwshi web-berler jaylasti’ri’lg’an boli’p, wolar ja’rdeminde qandayda bir pa’ndi, pa’n bo’legin, ya’ki da’stu’riy qurallardan paydalani’wdi u’yreni’w mu’mkin. Bizge belgili, qandayda bir pa’n yamasa da’stu’riy qural za’ru’riy atamalar ha’m tu’siniklerdi o’z ishine aladi’. Bul atama ha’m tu’siniklerdi web-bette tu’sindiriw ushi’n <DL> (definition list –

tu’sindiriw dizimi) jup tegi isletiledi. Bul jup teg ishinde <DT> (definition term – atamani’ tu’sindiriw) ha’m <DD> (definition description – tu’sindiriw bayanati) jup bolmag’an tegleri isletiledi. To’mendegi misal ja’rdeminde bul teglerdin’ wazi’ypasi’n tu’sinip ali’w an’sat:

```
<HTML>
<DL>
<DT>Informatika
<DD>Kompyuter texnikasini qo‘llashga asoslanib
inson faoliyatining turli sohalarida axborotlarni izlash,
to‘plash, saqlash, qayta ishlash va undan foydalanish
masalalari bilan shug‘ullanuvchi fan
<DT>Deskriptor yoki teg
<DD>HTML tilining buyruqlari bo'lib, “<” va “>”
belgilari orasiga yoziladi, inglizchadan tag – yorliq, belgi,
alomat kabi tarjima qilinadi
</DL>
</HTML>
```

Informatika
    Kompyuter texnikasini qo‘llashga asoslanib inson faoliyatining turli sohalarida axborotlarni izlash, to‘plash, saqlash, qayta ishlash va undan foydalanish masalalari bilan shug‘ullanuvchi fan
Deskriptor yoki teg
    HTML tilining buyruqlari bo'lib, “<” va “>” belgilari orasiga yoziladi, inglizchadan tag – yorliq, belgi, alomat kabi tarjima qilinadi

Dizimnin’ ayirim elementine dizim qosi’w kerek bolatug’i’n jag’daylarda ushi’raydi’. Bul jag’dayda ishpe-ish jaylasqan, yag’niy bo’leklengen dizim payda yetiledi. To’mendegi mi’salda bizge belgili bolg’an tegler ja’rdeminde bo’leklengen dizim payda yetiw ko’rsetilgen:

```
<html>
<UL>
<B>Ba'zi sayyoralarning yo'ldoshlari</B>
<LI> Yer
     <OL> <LI> Oy  </OL>
<LI> Mars
     <OL> <LI> Fobos <LI> Deymos </OL>
</UL>
</html>
```

**Ba'zi planetalarning yo'ldoshlari**

- Yer
    1. Oy
- Mars
    1. Fobos
    2. Deymos

Bunday dizimdi payda yetiw qi’yi’n emes,biraq teglerdi ta’rtipli jazi’wg’a ko’p itibardi’ qarati’w kerek boladi’.

## WEB-BETTE KESTELERDI JARATI'W TEGLERI HA'M WOLARDI'N' ATRIBUTLARI'

**Teglerdin' atributlari'**

Ko'pshilik jag'daylarda tegler atributlardan paydalani'p, o'z ta'sirlerin wo'tkeriwi mu'mkin.Atributlar bul tegti toli'qti'ri'wshi' xizmetshi so'z boli'p,bir-birinen bos wori'n menen aji'rati'li'p jazi'ladi'.Eger tegte bir neshe atribut isletilse,ol jag'dayda wolarda bir-birinen bos wori'n menen aji'rati'li'p jazi'ladi'.Wolar jup teglerde tek ashi'li'wshi' teglerde qosi'ladi'.Jabi'li'wshi' tegler hesh qashan atributqa iye bolmaydi'.Soni'n' ushi'n jabi'li'wshi' teglerge atribut qosi'p jazi'lmaydi'.

Atributlar ha'm ma'nislerdi jazi'w qag'I'ydalari':

- Teg ati'nan keyin probel (bos wori'n) qaldi'ri'p atri'butlardi' baslaw mu'mkin;
- Atributlar bir-birinen probeller menen aji'rti'ladi';
- Atributlardi' sanaw ta'rtibi qa'lagenshe;
- Atributlar jabi'li'w teginde qayta ta'kirarlanbaydi;
- Atributlardin' ma'nisleri ten'nen keyin " " qawsi'rmalari' ishinde beriledi;
- Tegler ati'nda probeller isletilmeydi.

Ma'selen:*<body bgcolor="FFFF00" text="000000">...</body>*. Bul jerde **bgcolor atributi** fon ren'in, **text** atributi' bolsa teksttin' ren'in ani'qlaydi'.

Ayi'ri'm atributlardan paydalang'anda ,atribut ma'nisin ko'rsetiw talap yetiledi. Bul jag'dayda atributtin' ma'nisi xizmetshi so'zden son' ten' (=)

belgisi menen aji’rati’li’p jazi’ladi. Atribut ma’nisi ti’rnaqsha (““) ishine jazi’li’wi’ kerek. Ma’selen, teksttin’ yen’ joqari’ shegarasi’ndag’i’ atamasi’n aji’rati’p ko’rsetiwshi teg:

**<ALIGN=CENTER>**

Bul jerde ALIGN (tegislew) atribut to’mendegi ma’nislerge iye boli’wi’ mu’mkin:

LEFT (ekranni’n’ shep ta’repi boyi’nsha tegislew)

CENTER(ekrannin’ worayi’ boyi’nsha tegislew)

RIGHT(ekrannin’ won’ ta’repi boyi’nsha tegislew)

JUSTIFY(ekrannin’ken’ligi boyi’nsha tegislew)

Ma’selen,yag’ni’y kesteni payda yetiwshi tegte yeki atributti jazi’w ko’rsetilgen:

**<TABLEBORDER=”2”WIDTH”80”>**

Bul mi’saldag’I’ <TABLE> tegtin’ birinshi atributlari’–bul “BORDER” parametri,yekinshi atribut -“WIDTH” parametri.Olardin’ ma’nisleri bolsa sa’ykes tu’rde “2”ha’m “80” ler.

Eger qandayda bir teg atributi’ni’n’ ishinde ti’rnaqshag’a ali’ng’an basqa ma’nisler ushi’rasa, yag’ni’y ti’rnaqshalar bir-birinin’ ishinde jaylasqan bolsa,wol jag’dayda “ishki” ishki ti’rnaqsha usi’ni’s yetiledi.Bunday an’latpa uli’wma jag’dayda to’mendegi ko’riniske iye:

<TEG atribut_ati = ’ma’nis_1’; ’ma’nis_2’; ’ ma’nis _3’; ’ ma’nis _4’>.

HTML tili bul jag’daylarda atributlar ushi’n ti’rnaqshani’ jazbaw imkaniyati’n beredi,yag’ni’y:

1. Atributlardin’ ma’nisi tek g’ana lati’n alfavitin ha’m bas ha’m kishi ha’ripler menen jazi’lg’an bolsa.

2. Atributlardi’n’ ma’nisi tek 0 den 9 g’a shekem bolg’an tsifrlardan ibarat bolsa.

3. Atributlardi'n' ma'nisi waqi't arali'g'i'n belgileydi (ko'rsetken).

Ma'selen, BORDER =”2” yamasa ALIGN=”RIGHT” atributlari'ni'n' ma'nislerin jazi'wda ti'rnaqshalardi' jazbawg'a boladi'.Soni'n' ushi'n wolardi' to'mendegishe jazi'w mu'mkin:

BORDER =2, ALIGN=RIGHT.

Basqa jag'daylarda atributlardi' ti'rnaqshasi'z jazi'w qa'te boladi'.Ma'selan, SRC=”graph1.gif” ha'm TEXT=”#FFFFFF” atriburlari'ni'n' ma'nislerin jazi'wda ti'rnaqshani' jazbawg'a ruxsat yetilmeydi.Soni'n' ushi'n wolardi' SRC=graph1.gif ва TEXT=#FFFFFF ko'rinisinde jazi'w qa'te yesaplanadi'.

HTML ja'rdeminde kestelerdi jarati'wda to'mendegi teglerden paydalani'ladi':

TABLE – keste jaratadi';

CAPTION –keste atamasi'n beredi;

TR – kestede jan'a qatar jaratadi';

TD – usi' qatarada ma'nisli yacheyka jaratadi';

TH – usi' qatarada ma'nisli yacheyka jaratadi', tek woni atama (zagolovka) dep ani'qlaydi'.

Kesteni ani'qlaw <table> teginen baslanadi' ha'm </table> tegi menen tawsi'ladi'. HTML kestelerdi qatarma-qatar jaratadi'. Aldi'n TR tegi jardeminde keste qatari' jarati'ladi',keyin TD (yamasa TH) arqali' yacheykalar jaylasti'ri'ladi'.Teglerge kiritligen qosi'msha parametrler,kestege wo'zgeshe ko'rinis beredi.

**<TABLE> tegi etributlari**:

•**align**-kesteni gorizantal jaylasti'ri'w: left, center, right ma'nislerdi qabi'l yetedi, komanda berilmegende leftti wori'nlaydi';

•**valign** – keste yacheykasi’ ma’nisin vertical jaylasti’ri’wdi’ ani’qlaydi’.Qabi’l yetiwi mu’mkin bolg’an ma’nisleri: top, bottom, middle;

•**border** – kestenin’ sirtqi shegara si’zi’qlari’ qali’n’li’g’I’n (piksellerde) ani’qlaydi’. border="0"yamasa bul parameter berilmegende shegara si’zi’qlari’n bo’lmeydi;

•**cellpadding** – yacheyka shegarasi’ ha’m ishki tekst arasi’ndag’i’ arali’qti’ ani’qlaydi’ (piksellerde);

•**cellspacing** – qon’si’ yacheykalar shegaralari’ arasi’ndag’i’ arali’qti’ ani’qlaydi’ (piksellerde);

•**width** – keste ken’ligin ya piksellerde ya brauzer ayna ken’liginde sali’sti’rmali’ protsent yesabi’nda. Hesh na’rse ko’rsetilmese qabi’l yetiwi mu’mkin bolg’an ken’ligi ishki tekstke baylani’sli’;

•**height** –keste biyikligin piksellerde yamasa brauzer ayna biyikligine sal’isti’rg’anda protsent yesabi’nda ani’qlaydi’.Hesh na’rse ko’rsetilmese qabi’l yetiwi mu’mkin bolg’an biyikligi ishindegi tekstke baylani’sli’;

•**bgcolor** –keste yacheykalari’ndag’I’ fon ren’in ani’qlaydi’.Qabi’l yetiwi mu’mkin bolg’an ma’nisleri ya won alti’li’q sanaq sistemasi’ndag’i’ RGB-ma’nisler,yamasa16 tiykarg’i’ ren’nen biri;

•**background** –keste foni’na ko’rinis jaylasti’radi’ (tasvir).Ma’nis retinde ko’rinistin’ URL adresi ko’rsetiledi;

<CAPTION> tegi atributi’:

**align** – keste atamasi’n vertikal jaylasi’wi’n ani’qlaydi’. Qabi’l yetiwi mu’mkin bolg’an ma’nisleri:

- **top** – atama (zagolovka) keste u’stine jaylasadi’ (basqa buyri’q berilmese qabi’l yetetug’i’n ma’nisi);
- **bottom** –atama keste asti’na jaylasadi’.

<TR> teginin’ bul atributlari’: align, valign вa bgcolor boli’wi’ mu’mkin.

<TD> ha’m <TH>tegleri mi’na align, valign, width, height, background ha’m bgcolor atributlari’nan ti’sqari’ ja’ne:

**colspan** –usi’ yacheykani’n’ neshe bag’anag’a sozi’li’wi’n ani’qlaydi’. Basqa buyri’q berilmese qabi’l yetetug’I’n ma’nisi 1;

**rowspan** – usi’ yacheykani’n’ neshe qatarg’a sozi’li’wi’n ani’qlaydi’. Basqa buyri’q berilmese qabi’l yetetug’i’n ma’nisi 1;

- **nowrap** – usi’ yacheykada so’zlerdi avtomatik tu’rde ko’shiriwdi qadag’an yetedi.




1-su’wret. Keste shegara qali’n’li’g’i’ni’n’ wo’lshemi




2-su’wret. Yacheykalar arasi’ndag’i’ arali’q wo’lshemi (cellspacing)




3-su’wret. cellpadding atributi’ ma’nisleri



4-su’wret. Kestede bag’ana ha’m qatarlardi’ birlestiriw.

1-4-su’wretlerde parametrlerdin’ tu’rli ma’nisleri yacheyka si’rtqi’ ko’rinisine qanday ta’sir yetiwi ko’rsetilgen [3].

Keste shegara si’zi’g’i’ni’n’ basqa buyri’q berilmesew qabi’l yetetug’i’n ma’nisi nolge ten’, shegara bolsa ishki tekst ko’lemine qarap belgilenedi.Yacheyka shegaralari’ tek ishine tekst jazi’lg’anda g’ana ko’rinedi.Shegarali’ bos yacheyka jarati’w ushi’n wog’an arnawli’ simvol   yamasa <BR> tegin jaylasti’ri’w jeterli. TD tegindegi protsentte ko’rsetilgen height parametri tek pu’tkil keste biyikligi ani’q sanda ko’rsetilgeninde g’ana duri’s isleydi.

*Ma’selen:*

Keste:

Keste ati’

| Video | |
|---|---|
| Matrox G400 | 115$ |

*Kod ja’rdeminde an’latiw:*

```
<TABLE border align=center width=200>
<CAPTION align=top>Kestenin’ ati
</CAPTION>
<TR>
<TH colspan=2>Video</TH>
</TR>
<TR>
<TD width=50%> Matrox G400</TD>
<TD align="right">115$</TD>
</TR>
</TABLE>
```

# Web-betke keste wornati'w

Web-betke  keste kiritiw ushi'n <TABLE> (table - keste), <TR> (table row –keste qatari'), <TH> (table header – kestedegi atama) ha'm <TD> (table data – keste mag'li'wmatlari') jup tegleri qollani'ladi'. <TABLE> tegi keste baslani'wi'n, </TABLE> tegi bolsa keste aqi'ri'n, <TR> jup tegi keste qatari'n ha'm <TD> jup tegi bolsa keste bag'anasi'n. <TH> jup tegi atamali' yacheykalari'n  bildirip, bul yacheykalardag'i'  mag'li'wmatlar  web-bette qali'n' shrift penen yacheyka wo'rtasi'nda tegislengen halda (yag'niy, ALIGN=Center ha'm VALIGN=Middle, bul jerde  V – vertikal bag'i'ti'n bildiredi) sa'wlelenedi. <TH> tegi <TR> tegisiz isletilmeydi. Eger web-bette kestenin' shegara si'zi'qlari' da sa'wleleniwi za'ru'r bolsa, wonday jag'dayda BORDER parametri qollani'ladi'. BORDER parametrinin' ma'nisleri  piksellarde wo'lshenedi ha'm tek keste ramkasi'ni'n' si'rtqi' si'zi'qlari'ni'n' qali'n'li'g'i'na wo'zine  ta'n ta'sir yetedi.

Keste qatarlardan quraladi'. Wo'z nawbetinde ha'r bir Qatar bag'analarg'a bo'linedi. <TR> ha'm <TD> tegleri sa'ykes tu'rde  </TR> ha'm </TD> tegleri menen jabi'ladi'. Ma'selen,

| Ay ati | Ma'wsim | Ay ta'rtibi |
|---|---|---|
| Yanvar | Qi'stin' 2-ayi | Jildin' birinshi ayi |
| Dekabr | Qistin' 1-ayi | Jildin' aqirg'i ayi |
| | | |

Kesteni an'lati'wshi'  HTML-hu'jjet ko'rinisi to'mendegishe jazi'ladi:

```
<TABLE>
<TABLE BORDER>
```

```
<TR> <TH> Ay ati </TH><TH> Ma’wsim </TH><TH> Ay ta’rtibi </TH></TR>
<TR> <TD>Yanvar</TD><TD>Qistin’ 2-ayi</TD><TD> Jildin’ birinshi ayi</TD> </TR>
<TR> <TD>Dekabr</TD><TD>Qistin’ 1-ayi</TD><TD> Jildin’ aqirg’i ayi</TD> </TR>
</TABLE>
```

Kestenin’ shegara si’zi’qlari’si’z ha’m shegara si’zi’qlari’ menen sa’wlelendiriwshi HTML-hu’jjat ha’m wog’an sa’ykes web-bette kestenin’ jaylasi’wi’n to’mendegi mi’salda ko’riw mu’mkin:




Web bette sa’wlelendirilip ati’rg’an keste atama beriw lazi’m bolsa <CAPTION> (atama) jup tegi isletilip, wol birinshi <TR> teginen aldi’n jazi’li’wi’ sha’rt. Bul tegtin’ ALIGN ha’m VALIGN parametrleri boli’p, parametr ma’nisleri qalay isletiliwi mu’mkinligin to’mendegi kestede kiritilgen:

| ALIGN | VALIGN | Da’lil |
|---|---|---|
| TOP | jazilmaydi | Atama kesteden joqarida kestenin’ ortasina sa’ykes tegislenedi. |
| BOTTOM | Jazilmaydi | Atama kesteden to’mende kestenin’ ortasina sa’ykes tegislenedi. |
| LEFT | TOP | Atama keste joqarisinda kestenin’ shep shegarasina sa’ykes tegislenedi. |
| LEFT | BOTTOM | Atama kesteden to’mende kestenin’ shep shegarasina sa’ykes tegislenedi. |

| | | |
|---|---|---|
| CENTER | TOP | Atama kesteden joqarida kestenin' ortasina sa'ykes tegislenedi |
| CENTER | BOTTOM | Atama kesteden to'mende kestenin' ortasina sa'ykes tegislenedi |
| RIGHT | TOP | Atama keste joqarisinda kestenin' on' shegarasina sa'ykes tegislenedi. |
| RIGHT | BOTTOM | Atama kesteden to'mende kestenin' on' shegarasina sa'ykes tegislenedi |

To'mendegi mi'salda ALIGN ha'm VALIGN parametrlerin isletiliwin ko'riw mu'mkin:

```
<HTML>
<TABLE>
<TABLE BORDER=7>
<CAPTION ALIGN = RIGHT VALIGN=BOTTOM > JADVAL</CAPTION>
<TR> <TH> Oy nomi </TH><TH> Fasl </TH><TH> Oy tartibi </TH></TR>
<TR><TD>Yanvar</TD><TD>Qishning 2-oyi</TD><TD>Yilning birinchi oyi</TD></TR>
<TR><TD>Dekabr</TD><TD>Qishning 1-oyi</TD><TD>Yilning oxirgi oyi</TD></TR>
</TABLE>
</HTML>
```

| Oy nomi | Fasl | Oy tartibi |
|---|---|---|
| Yanvar | Qishning 2-oyi | Yilning birinchi oyi |
| Dekabr | Qishning 1-oyi | Yilning oxirgi oyi |

JADVAL

Kestenin' ishki si'zi'qlari' qali'n'li'g'i' (yeki yacheykani aji'rati'wshi' parallel siziqlar arasi'ndag'i' arali'qti') CELLSPACING parametri menen (ma'selen, CELLSPACING =5) piksellerde tan'law mu'mkin. Yacheykag'a kirgizilgen mag'luwmatlar menen yacheyka arasi'ndagi' arali'q bolsa CELLPADDING parametri menen (ma'selen, CELLPADDING=9) piksellerde ani'qlanadi'.

Web-betke su'wret wornatqanda woni'n' a'tirapi'ni'n' jaylasi'wi' haqqi'nda mag'luwmat berilgen yedi.Tap sol si'yaqli',kestenin' de a'tirapi'na tekst jaylasti'ri'w mu'mkinshiligi boli'p,tekst kestenin' tek shep yamasa won' ta'repine jaylasti'ri'li'wi' mu'mkin. Buni'n' ushi'n <TABLE> tegi ALIGN parametri menen birge isletiledi, ma'selen: <TABLE ALIGN=LEFT>. Yeger keste web-betti shep ta'repine tuwri'lasa, tekst kestenin' won' ta'repinde sa'wlelenedi ha'm kerisinshe.

Soni’ ayti’p wo’tiw kerek,yacheyka ishindegi mag’luwmatlardi’ farmatlaw ushi’n atama, tekst ha’m su’wretlerdi farmatlaw ushi’n isletilgen barli’q teglerden paydalani’w mu’mkin. Keste, qatar ha’m yacheykalar shegara si’zi’qlari’ni’n’ ren’in wo’zgertiw BORDERCOLOR parametri ja’rdeminde a’melge asi’ri’ladi’.

Joqari’da keltirilgen mag’luwmatlar tiykari’nda to’mendegi HTML-hu’jjet ha’m web-betti payda yetiw mu’mkin:

jadval3 - Блокнот

Файл Правка Формат Вид Справка

```
<HTML>
<TABLE >
<TABLE align = right Border=7 bordercolor=RED CELLSPACING=5 CELLPADDING=3 >
<TR bordercolor=BLUE> <TH> Oy nomi </TH><TH> Fasl </TH> <TH> Oy tartibi </TH></TR>
<TR><TD>Yanvar</TD><TD bordercolor=MAGENTA >Qishning 2-oyi</TD> <TD>Yilning birinchi oyi</TD></TR>
<TR bordercolor=black><TD>Dekabr</TD><TD>Qishning 1-oyi</TD> <TD bordercolor=green>Yilning oxirgi oyi</TD></TR>
</TABLE>
<BR>Shuni ta'kidlash joizki, katakcha ichidagi ma'lumotlarni formatlash uchun sarlavha, matn va rasmlarni formatlash
uchun ishlatilgan barcha teglardan foydalanish mumkin. Jadval, satr va katakchalar chegara chiziqlarini rangini
o'zgartirish BORDERCOLOR parametri orqali amalga oshiriladi.
</HTML>
```

Shuni ta’kidlash joizki, katakcha ichidagi ma’lumotlarni formatlash uchun sarlavha, matn va rasmlarni formatlash uchun ishlatilgan barcha teglardan foydalanish mumkin. Jadval, satr va katakchalar chegara chiziqlarini rangini o’zgartirish BORDERCOLOR parametri orqali amalga oshiriladi.

| Oy nomi | Fasl | Oy tartibi |
|---|---|---|
| Yanvar | Qishning 2-oyi | Yilning birinchi oyi |
| Dekabr | Qishning 1-oyi | Yilning oxirgi oyi |

MS Word da’stu’rinde hu’jjetke jaylasti’ri’lg’an kestenin’ yacheykalari’n birlestiriw yamasa yacheykani’ ja’ne yacheykag’a bo’liw mu’mkin yedi, ma’selen:

<table>
<tr><td>1-yacheyka</td><td colspan="2">2 bag’ana birlesken yacheyka</td></tr>
<tr><td rowspan="2">2 qatar birlesken yacheyka</td><td>4- yacheyka</td><td rowspan="2">2 qatar birlesken yacheyka</td></tr>
<tr><td>6-yacheyka</td></tr>
</table>

HTML tili sonday imkaniyat beredi. Buni’n’ ushi’n <TH> ya’ki <TD> tegleri COLSPAN (column spanning – bag’anani’ birlestiriw) ha’m ROWSPAN (row spanning – qatardi’ birlestiriw) parametrleri menen birge isletiledi. Logikali’q jaqtan qarag’anda bo’lingen yacheykali’ kesteni payda yetiw ushi’n yacheykani’ bo’liw worni’na basqa yacheykalardi’ birlestiriw arqali’ yerisiw mu’mkin. Joqari’dag’I’ kestenin’ HTML-hu’jjeti to’mendegishe:

```
<HTML>
<TABLE>
<TABLE BORDER CELLPADDING=2>
<TR> <TD align=middle> <font color=red>1-katakcha </font></TD>
<TD COLSPAN=2 bgcolor=00ff00> <B> <font color=white>2 ta ustun birlashgan katakcha </font></B></TD>
<TR><TD ROWSPAN=2 bgcolor=yellow><B> <I><U>2 ta ustun birlashgan katakcha </U></I></B></TD>
<TD bgcolor=magenta><U>4-katakcha</U></TD>
<TD ROWSPAN=2 bgcolor=black><B><font color=white>2 ta satr birlashgan katakcha</font></B></TD></TR>
<TR><TD bgcolor=#808080><I>6-katakcha</I></TD>
</TABLE>
</HTML>
```

Kesteler u’stinde ja’ne bir qansha a’meller wori’nlaw mu’mkin [2,3].

## HTML hu’jjetke grafik obiektin jaylasti’ri’w

***Tarmaq texnologiyasinin’grafik formatlari’***

Ko’pshilik jag’daylarda grafik illyustratsiyalar Web-hu’jjetlerdin’aji’ralmas bo’legi boli’p xizmet yetedi.Ha’zirgi waqi’tta Web-bette grafik elementlerin su’wretlew ushi’n tiykarinan yeki tu’rli formattan paydalani’ladi’.Wolar GIF ha’m JPEG formatlari’ boli’p yesaplanadi’.Ha’zirgi waqi’tta Internettegi grafik obiektlerdin’ 90 payi’zi’ GIF ha’m JPEG formatlari’nda saqlanadi’. Web-betlerin kompyuter ekrani’nda ko’rsetiw (sa’wlelendiriw )ushi’n mo’lsherlengen grafik brauzerlerdin’ barli’g’i’ bul formattag’i’ fayllar basqa fayllardan aji’rata aladi’ ha’m wolardi’ ekranda sa’wlelendiredi.Bul formatlar ushi’n ko’rinis sapasi’n jog’altiw yesabi’nan ,wol saqlap ati’rg’an fayl wo’lshemin kemeytiriw algoritmleri tiykar yetip ali’ng’an.

GIF formati’ 1978 ji’lda yeki Izrailli ali’m –Yakov Zif (Jacov Ziv) ha’m Abraham Lempel (Abraham Lempel )mag’li’wmatlardi’ joytpastan informatsi’yalar ko’lemin qisqartiriwdin’ printsipial jan’a algoritmdi islep shi’qti’ ha’m wog’an

LZ78dep at bergen. Bul algoritmnin' du'ziliw printsipleri haqqi'ndag'i' informatsiya ha'mme ushi'n arnalg'an yedi.Buni'n' na'tiyjesinde amerikali' programma du'ziwshi Terri Welch (Terry Welch) woni jetilistirdi ha'm jan'a algoritm ati'na o'z familiyasinin' bas ha'ribin qosi'p,woni LZW ati' menen patentledi. Wol da Yakov Zif ha'mde Abraham Lempel si'yaqli' wo'z algoritmin barli'q qa'lewshiler ushi'n paydalani'wg'a usi'ni's yetti.

Bunday "qa'lewshilerden" biri CompuServe ' jumisshi'si Bob Berry (Bob Berry) boli'p, ol 1987 ji'lda LZW tiykari'nda printsipial jan'a grafik formati'n jaratti'. Bul grafik forma GIF (Graphic Interchange Format) mag'luwmatlardi' qisqarti'ri'w ushi'n LZW algoritminen paydalandi' ha'm bul protsess ayri'm a'debiyatlarda kompressiya dep ataldi'. Bul waqi'tlarda Terry Welch ta'repinen sho'lkemlestirilgen Unisys (LZW algoritminin' avtorli'q huqi'qi' wog'an tiyisli bolg'ani' ushi'n) tek kompyuter ushi'n apparat tamiynati'n islep shi'g'ari'wshi'lar GIF standarti'nan paydalang'anli'g'i' belgili bir mug'darda haq to'leytug'I'n yedi.Ma'selen,modemlerdi islep shig'ari'wshi'lardan usi' standarttan paydalang'anli'g'I' ushi'n.Programmali' ta'miynatti' islep shi'g'ari'wshi'lardan "komission to'lewler"ali'nbaytug'i'n yedi.

Biraq 1994 ji'ldi'n' qi's ma'wsiminde Unisys kompaniyasi materialliq ma'selege dus keldi,ha'm LZW standarti'nan paydalani'w sawda-sati'q tiykari'nda a'melge asi'ri'li'wi'n dag'aza yetti,na'tiyjede paydalani'wshi'lar haq to'lewge ma'jbu'r boldi'.Bul avtomatik tu'rde GIF formati'n du'nyada "pulli" (aqshali') grafik formati'na aylandi'rdi' ha'm Internet paydalaniwshi'lari' arasi'nda narazi'li'q tolqi'ni' payda boli'wi'na sebep boldi'.Sebebi,bul da'wirde Web-betlerinin' ju'da' u'lken bolegine GIF elementleri isletiletug'i'n yedi. Usi'g'an qaramastan GIF grafik formati' ha'zirgi ku'ndede Internet tarmag'i'nda ju'da' ken' paydalanatug'I'n formatlardan biri.Bunnan ti'sqari' bul formattag'i' grafik obiektin Web-betke jaylasti'rg'an adam hesh qanday to'lem to'lewge ma'jbu'r yemes,sebebi joqarida keltirilgen materialliq talap,birinshi na'wbette GIF penen isleytug'I'n programmali' ta'miynatti' islep shi'g'ari'wshi'larg'a tiyisli.Bul standartti'n' keleshek tag'dirin belgilewshi jag'day ha'zirde sheshilgen.

LZW algoritminin’imkaniyatlari’ sebepli GIFstandarti’ juwmaqlawshi’ grafik fayl ko’lemin baslang’i’sh ko’riniske salisti’rg’anda sezilerli da’rejede qisqarti’w imkani’ payda boladi’.Bul ju’da’ uqsas ren’lerdi birge qosi’p jiberiw usi’li’ menen a’melge asi’ri’ladi’.Ma’selen,yeger su’wrettin’ qurami’nda bir neshe uqsas (mi’sal ushi’n,aspan ko’k,ashi’q aspan ko’k,toyg’i’n aspan ko’k) ibarat bo’leksheler bar bolsa,wolar birdey,yag’ni’y hawa ren’ menenkodlanadi’.Ko’rinis haqqi’ndag’i’ informatsi’ya GIF standarti’ni’n’ faylda qatar boyi’nsha jazi’ladi’,yag’ni’y bir peksil biyikligindegi qatarlardi ko’rsetiwshi massi’vtan ibarat.Usi format fiksirlengen,basqasha aytqanda indekslestirilgen palitrag’a tayanadi.Biraq bul palitradag’i ren’lerdin’ sani’ 256 dan aspaydi’.

Soni’ ayti’p wo’tiw kerek, HTML hu’jjetlerde GIF standarti’nan tek g’ana si’zi’lg’an grafik obiektlerin, yag’niy diagrammalar, shegaralawshi’ si’zi’qlar, tu’ymeler ha’m betti bezewshi basqa elementlerdi kompyuter ekrani’nda sa’wlelendiriw ushi’n isletiledi.Basqa jag’daylarda,ma’selen, ju’da’ u’lken mug’dardag’i’ ha’r qi’yli’ ren’lerden payda etilgen ko’rinisti Web-betke jaylasti’ri’w ushi’n JPEG formati’nan paydalani’ladi’..

**JPEG formati’.**Bul formatti’ usi’ni’s yetken izertlewshiler gruppasi’ (Joint Photgraphic Experts Group) hu’rmetine JPEGati’ qoyi’lg’an ha’m “Djey-peg”dep woqi’ladi’.Usi’ grafik standartti’ ko’rinis sapasi’n joytpastan woni’n’ ko’lemin qi’sqarti’w ushi’n mo’lsherlengen JPEG algoritmi tiykari’nda jarati’ldi’. Wol bir-birine ani’q uqsas bolmag’an elementlerdi tap LZW algoritmi si’yaqli’ kodlaydi’,biraq peksiller arasi’ndag’i’ interval basqasha kodlanadi’. JPEGformat penen berilgen
fayldag’i’ko’rinisti qi’sqarti’ri’wdi’n’a’piwayi’lasti’rlgan mexanizmi to’mendegi ta’rtipte a’melge asi’ri’ladi’. Qi’sqarti’ri’wdi’n’ birinshi basqi’shi’ ko’rinisti LABren’li obrazg’a aylandi’ri’wdan ibarat boli’p,wol su’wretti 3 g’a’rezsiz kanalg’a jayi’p beredi.Wolardan biri (Ligntness) ren’ler intensivliginsaqlaw ushi’n,qalg’an yekewi(A ва B)bolsa tikkeley ren’ haqqi’ndag’i’ informatsiyani’ saqlaw ushi’n aji’rati’ladi’.Bunda ran’ler haqqi’ndag’i’ mag’li’wmat u’zliksiz spektr printsipi tiykari’nda payda yetilip shkala ko’rinisinde

saqlanadi’.Qi’sqarti’wdi’n’ yekinshi basqi’shi’ to’mendegishe a’melge asi’ri’ladi’:birinshi basqi’shta payda yetilgen ren’modelinen ren’ haqqi’ndag’i’ informatsi’yani’n’ shama menen to’rtten u’sh bo’legi ali’p taslanadi’,bunnan son’ obraz 8x8 noqatlar wo’lshemindegi bo’leklerge bo’linedi ha’m sanli’ mag’li’wmatlar massivina aylandi’ri’ladi’.Ha’r bir blokti’n’ atamasi’ bo’lektin’ tiykarg’i’ ren’in ko’rsetedi informatsi’yani’n’ qalg’an bo’legi bolsa az parqlani’wshi’ ren’lerdi su’wretleydi.Qi’sqarti’ri’wdi’n’ u’shinshi basqi’shi’ bolsa yekinshi da’rejeli ren’lerdi su’wretlewshi informatsi’yani’n’ belgili bir bo’legin mag’li’wmatlar massivinan ali’p taslaydi’.Bunda ali’p taslanatug’I’n mag’li’wmatlardi’n’ mug’dari’ na’tiyjeli ko’rinisti paydalani’wshi’ tan’lag’an sapasi’ menen baylani’sli’.Aqi’rg’I’ basqi’shta tayi’n bolg’an fayl Xavfman algoritmina muwapi’q qisqarti’ladi’. JPEG fayli’n dekompressiya yetiw keri ta’rtipte a’melge asi’ri’ladi’[6].

## Grafikali’q obiektti Web-betine jaylasti’ri’w

Web-bette su’wretlerden to’mendegishe paydalani’w mu’mkin:

- Jumis ali’p bari’w betlerinde kompaniya logotipi (belgi) retinde;
- Reklama dag’azalari’ grafikasi’ retinde;
- ha’r qiyli ko’rinis retinde;
- diagramma ha’m grafikler retinde;
- ko’rkem shriftlar retinde;
- bet avtori’ imzasi’ retinde;
- grafikali’q qatardan gorizantal bo’liwshi retinde;
- grafikali’q markerlerden suli’w belgilep shi’g’i’lg’an dizimler jarati’wda.

Brauzerler ko’rinislerdin’ mi’na GIF, JPEG, PNG ha’m BMPformatlari’ menen isleydi. Biraq BMP formati’ u’lken worin iyelewi sebepli olardan paydalanbaw maqsetke muwapi’q boladi’. Web ta yen’ ko’p isletiletug’I’n grafik

formatlar  bular GIF ha’m JPEG formatlari’ yesaplanadi’.Fotografiya sapasi’n JPEG formati’ ta’miynleydi. GIF formati’ yeki ren’li  (aq-qara) yamasa ren’li fotografik ko’rinisler ushi’n ju’da’ mas kelebermeydi.Woni’n’ ja’rdeminde ko’plew az ren’ isletilgen kontur ko’rinisler saqlanadi’.Wol ja’ne ti’ni’qliq ha’m animatsiya ushi’n qolayli’.

HTML  hu’jjetke grafikali’q obiektti jaylasti’ri’w <IMG> teginen paydalani’p a’melge asi’ri’ladi. Bul tegtin’ jazil’iwi’ to’mendegi ko’riniske iye:

```
<IMG SRC=”URL” ALIGN=”manis” WIDTH=”ma’nis” HEIGHT=”ma’nis” ALT=”tekst”>
```

Bul jerde SRC atributi’ni’n’ ma’nisi biz Web-betke jaylasti’rajaq bolg’an grafik obiekttin’ adresi.Eger biz betke jaylasti’rajaq bolg’an su’wret basqa serverda bolsa wol jag’dayda bul atributtin’ ma’nisi toli’q URLko’rinisinde  (ma’selen, http://www.tdiuserver.uz/myimages/picturename.gif)   beriledi.Eger ol lokal serverda  yag’niy  Web-bet ha’m og’an jaylastirilip atirg’an su’wret bir serverda jaylasqan bolsa,ol jag’dayda  SRC atributinin’ ma’nisi qisqartilg’an URL ko’rinisinde  (ma’selen, ”... /images/picturename.gif ”)  beriledi.

Bul tegtin’  ALIGN atributi ja’rdemi menen su’wretti  HTML-hu’jjet yamasa keste yacheykasindag’i belgili bir pozitsiyag’a jaylasritiw a’melge asiriladi. Usi atributtin’ traditsion ma’nisleri (CENTER, LIFT, RIGHT)mene bir qatarda ,onin’ basqa ma’nisleride  <IMG>tegi menen birge isletiliwi mu’mkin. Atributtin’ bul ma’nisleri grafik obiektti belgili bir qatarg’a jaylasti’rg’anda woni’ tekst penen o’z- ara ta’sir rejimin ko’rsetiw ushi’n xizmet yetedi.Bul jag’dayda ol to’mendegi ma’nislerdi qabi’l yetedi: yeger  ALIGN=”TOP”berilgen bolsa,wol jag’dayda grafik obiekttin’ joqari’ sheti keste yacheykasi'ni’n’ joqarg’i  shegarasi’ boyi’nsha yamasa tekst  qatari’ni’n’ joqarg’i  shegarasi’ boyi’nsha tegislenedi,yeger ALIGN=”BOTTOM” berilgen bolsa,ol jag’dayda grafikaliq obiekttin’to’mengi sheti keste yacheykasinin’ to’mengi shegarasi boyinsha yamasa tekst  qatarinin’ to’mengi shegarasi’ boyi’nsha tegislenedi.

- eger ALIGN="MIDDLE" berilgen bolsa, ol jag'dayda grafik obiekttin' orayi tiykarg'i' qatardi'n' ortasi' boyi'nsha yamasa keste yacheykasi'nin' ortasi boyinsha tegislenedi.
- eger ALIGN="BASELING" berilgen bolsa, ol jag'dayda grafik obiekt sha'rtli "tiykarg'I siziq" boyinsha tegislenedi.Eger HTML hu'jjetke bir neshe su'wretti yamasa su'wrettin' bir neshe bo'leklerin kestenin' tu'rli yacheykalarina jaylastiriw za'ru'r bolg'an jag'daylarda bul parametrden paydalaniw ma'slaha't etiledi.

Grafik obiektti Web-betke jaylastirg'anda ol o'z o'lshemlerin o'zgertirmeydi.Ko'p jag'daylarda su'wretti HTML hu'jjetke qosqanda oni masshtabin o'zgerttiriw za'ru'rligi payda boladi. Bunin' ushin HEIGHT ha'm WIDTH atributlarinan paydalaniw mu'mkin.Bul atributlar HTMLhu'jjetke qosilip atirg'an grafik ko'rinistin' biyikligin (HEIGHT)ha'm ken'ligin (WIDTH) ko'rsetedi. Bul atributlardin' ma'nisi pikseller sani menen beriledi.

Su'wretler menen bezelgen Web-betlerdi jaratip atirg'anda bul ko'rinislerdi ko'riw quralina ha'mmede iye emesligin esapqa aliw kerek.Ko'p jag'daylarda paydalaniwshilar hu'jjetti qabil etiw waqtin kemeytiw maqsetinde brauzerdin' grafik rejimin u'zip qoyadi.Ha'r eki jag'dayda da,eger su'wrette qanday ko'rinis bar ekenin ko'rip bolmasa,ol jag'dayda qanday ko'rinis bar ekenligin biliw ushin oni oqiw imkaniyatin beriw kerek.Usi maqsette alternativ tekstten paydalaniladi. **Alternativ tekst** – bul ko'rinistin' qisqasha bo'liminen ibarat bolip,odan to'mendegi jag'daylarda su'wrettin' worninda ko'riw ushi'n paydalani'ladi':
1)yeger brauzer grafik obiektin ekranda sa'wlelendiriw imkaniyati'na iye bolmasa ; 2) yeger brauzer grafik obiektler menen islew rejimi u'zip qoyi'lg'an bolsa. Alternativ tekstti ko'riw ushi'n ti'shqansha kursori'n bir neshe sekund ko'rinistin' u'stinde qozg'altpay turi'w kerek. <IMG>teginde alternative tekst ALT atributi'ni'n' ma'nisi ko'rinisinde beriledi.

Joqarida ko'rip o'tilgenlerden tisqari **<IMG>** teginde to'mendegi atributlar isletiledi:

**vspace** – ko'rinis ha'm tekst arasindag'i pikseller menen an'latiliwshi vertical araliqti beredi.Ko'rinis qasina tekst jaziw imkani ushin za'ru'li;

**hspace** – ko'rinis ha'm tekst arasindag'i pikseller menen an'latiliwshi gorizontal araliqti beredi;

**border** – ko'rinistin' piksellerdegi ramkasi (shegara siziqlari).Onin'da ko'rsetiliwi sha'rt emes;

**align** – ko'rinisti qatardin' qaysi bo'legine shig'ariw:

- **left** – shepke, on' ta'repinen jaziw mu'mkin;
- **right** – on'g'a,shep ta'repten jaziw mu'mkin;
- **top** ha'm **texttop** –ko'rinistin' joqari shegarasin tekst qatari joqari sizig'ina tegislew;
- **middle** – Qatar negiz sizig'i ortasin ko'rinis orayina maslap shig'ariw;
- **absmiddle** –a'meldegi (usi) qatar ortasin ko'rinis orayina maslap shig'ariw;
- **bottom** ha'm **baseline** – a'meldegi (usi) qatar negiz sizig'in ko'rinistin' to'mengi sizig'ina maslap keltirip shig'ariw;
- **absbottom** - a'meldegi (usi) qatar to'mengi sizig'in to'mengi sizig'ina maslap keltirip shig'ariw **;**
- **name** – usi hu'jjet ushin ko'rinistin' unikal qa'legen (stifr ha'm latin ha'riplerinen,probelsiz) atin aniqlaydi.Eger biz,ma'selen JavaScript-stenariylardan,mu'rajat etpekshi bolsaq atin ko'rsetiw sha'rt;

**lowsrc** – SRC parametrinde ko'rsetilgenine salistirmali to'menlew sapali (ha'm ko'lemli) alternativ ko'rinisli fayldin' (URL)adresin beredi.Bul parameter menen isley alatug'in brauzerler aldin LOWSRC ko'rinisti shig'aradi,keyin oni SRC ge almastiradi;

**usemap** – ko'riniske MAP elementinde ko'rsetilgen navigatsion karta (image map) ti qollaydi;

**ismap** – ko'rinisti server isletetug'in navigatsion karta (image map) sipatinda aniqlaydi.Oni tek ko'rinis gipermu'ra'jat bolg'aninda g'ana isletken maqul.Tishqansha tu'ymesin kursor ko'rinis u'stindeliginde basilsa,usi noqattin'

x,y koordinatlari serverge jiberiledi.Usi koordinatalarg'a qarap server ol yamasa bul gipermu'ra'ja'tli hu'jjetti aship beredi.Bul parametr – bayraqsha ,ma'nis talap etpeydi.Biraq server ushin navigatsion kartalardi imkan barinsha payda etpew maqsetke muwapiq;

**dynsrc** –video fayllardi ko'riw imklanin beredi.Barliq brauzerlerge isleydi. Ma'selen:

<img dynsrc=my1.avi src=my1.jpg width=100 height=100>

Yeger bul mi'sal Internet Explorer ja'rdeminde isletilse 100x100o'lshemde avi fayl ko'rsetiledi. Yegerde brauzer **dynsrc=**parametri menen islemese ekrang'a jpg ko'rinis shi'g'aradi'.

Web-masterlerdin' altin nizami –ba'rqulla **height** ha'm **width** o'lshemlerin aniq ko'rsetip,ko'rinis ju'kleniwinen aldinlaw brauzerlerde kishi jer ajiratiw bolip esaplanadi.Keri jag'dayda hu'jjet ushin jan'adan sizila beredi, to'men tezlikli mashinalar ha'm modemler ushin bul unamsiz jag'day sanaladi.

Bir waqittin' o'zinde barliq parametrler birgelikte isletiliwi mu'mkin, ma'selen:

```
<img src="pr1.png" align="left" hspace=30 vspace=5 alt="menin' su'wretim">
```

Bul mi'salda su'wret shepke shi'g'ari'ladi,won' ta'repten 30 piksel arali'qta tekst jazi'ladi' ha'm joqari'dan 5 piksel araliqta qaladi'.Yeger wog'an kursordi' keltirsek "menin' su'wretim " degen jazi'w shig'adi'.

## Grafik ko'rinisler

Grafik obiektler Web betti bezewde ju'da' a'hmiyetli wori'n tutadi'. Grafik obiekt degende biz ha'r qi'yli' tiptegi su'wretler,foto su'wretler, dawi'sli' fayllar ha'm video kliplerdi tu'siniwimiz kerek.Brauzer GIF, JPEG ha'm PNG formattag'I' grafik fayllardi sa'wlelendiredi. GIF formatindag'i fayllar animatsion ko'rinisler jaratiw imkaniyatin beredi. JPEG fayllar foto ko'rinislerdi saqlawda isletiledi. PNG formati bolsa ko'rinistin' joqari sapasi ha'm grafik fayldin' kishi ko'lemde boliwin ta'miynleydi.Web bette grafik fayllardi sa'wlelendiriw ushin

*<img>* tegi o'zinin' bir qansha parametrleri menen qollaniladi.Bul teg o'zinin' jabiliwshi tegine iye emes, yag'niy qandayda bir taraw ushin emes ba'lkim ko'rsetilgen oring'a grafik obiekt jaylastiriwin bildiredi. *<img>* teginin' tiykarg'I ha'm ma'jbu'riy parametrlerinen biri *src* parametri. Bul parameter ma'nisi retinde sa'wleleniwi kerek bolg'an obiekt adresi yamasa aniqlaw etip aytqanda wonin' URL adresi ko'rsetiledi.Ma'selen Web bettin' HTML fayllari jaylasqan IMAGES papkasi' wo'zinin' grafik fayllari' menen jaylasqan bolsa bul papkadag'i su'wret1.gif fayli'n sa'wlelendiriw ushi'n to'mendegi jazi'wd'i jazi'wi'mi'z kerek:

```
<img src="images/ su'wret1.gif">
```

Ha'zirgi ku'nde grafik obiektlerin sa'wlelendire almaytug'in brauzerler uliwma isletilmeydi, biraq brauzerlerde grafik obiektlerin ekrang'a shi'g'armaw imkaniyati' bar. Sonin' ushi'n grafik obiekt shi'g'ari'lmag'an waqi'tta wonin' worninda usi' obiekt haqqinda payda boli'wshi' alternativ tekstli mag'liwmat boliwi za'ru'r. Bul alternativ tekstli mag'liwmat *<img>* tegine *alt* parametri ja'rdeminde qosi'ladi' ha'm tekstli ma'nis qabi'l yetedi.

Mi'sali':

```
<img src = "images/su'wret1.gif" alt="Studentlik altin da'wirim">
```

Yeger grafik ko'rinis brauzer ta'repinen ekrang'a shig'ari'lsa wol jag'dayda alternative tekst ti'shqansha ko'rsetkishi ko'rinis u'stine ali'p bari'lg'anda ko'rsetkish qasi'nda payda boladi'. Grafik ko'rinis haqqi'ndag'i' mag'liwmatti' beriwshi internet derek ma'nzilin ko'rsetiwshi *longdesc* parametric de tishqansha ko'rsetkishi qasinda payda boliwshi tekstli mag'liwmatti jaratiwda isletiledi.Bul parameter ma'nisi retinde ko'rinistin' *URL* adresi ko'rsetiledi.

Grafik ko'rinisti paydalaniwshi o'zi qa'legen o'lshemde sa'wlelendiriw imkaniyatina iye, bunin' ushin *height* ha'm *width* parametrlerinen paydalaniladi. Web bette grafik ko'rinisti basqa obiektlerden bos orin menen ajiratip turiwshi *hspace* ha'm *vspace* parametrleri de bar. *hspace* parametri bos wori'ndi' gorizantal boyinsha ornatsa, *vspace* parametri bos wori'ndi' vertikal boyi'nsha wornatadi'. Bul parameter ma'nisi tek sanlarda beriledi. Ko'rinisti wo'zinin'

a’tirapindag’i  tekstke salistirg’anda tegislewdi ko’rip shig’ayiq. Bunin’ ushin *align* parametri isletiledi [5,6]. Bul parametr ma’nisi retinde to’mendegi so’zler isletiledi:

*buttom, middle, top, left, right.*

Endi joqaridag’i parametrler qollanilg’an to’mendegi misallardi ko’remiz:

Misal 1.

```
<html>
<head>
<title>Su’wret ha’m tekst </title>
</head>
<body>
<p>Bul tekst su’wret qasinda jaylasadi <img scr=”images/su’wret1.gif”> Bul tekst su’wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su’wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su’wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su’wret qasinda jaylasadi. </p>
</body>
</html>
```




Su'wret 1

Endi bul misalda <*img*> tegine gorizanlal boyinsha tegislew parametrin qosip ko'reyik.

Misal 2.

```
<html>
<head>
<title>su'wret ha'm tekst </title>
</head>
<body>
<p> Bul tekst su'wret qasi'nda jaylasadi'. <img scr="images/su'wret1.gif" align="left"> Bul tekst su'wret qasi'nda jaylasadi. Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. </p>
</body>
</html>
```




**Su'wret 2**

Endi usi misaldi vertical boyinsha tegislewge o'tkeremiz.

Misal 3.

```
<html>
<head>
<title>su'wret ha'm tekst </title>
</head>
<body>
<p> Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. <img scr="images/su'wret1.gif" align="middle"> Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. Bul tekst su'wret qasinda jaylasadi. </p>
</body>
</html>
```




Su'wret 3

## Juwmaqlaw

Web-betlerge kesteler ha'm grafikler jaylasti'ri'w temasi'nda jazi'lg'an bul kurs jumi'si' kirisiw bo'liminde hTMl tili haqqi'nda tiykarg'i' mag'li'wmatlar keltirilgen.

Tiykarg'i' bo'liminde bolsa Web-betlerge dizim,grafik ha'm kesteler jarati'w haqqi'nda mag'li'wmatlar ha'm mi'sallar keltirilgen.

HTML-arnawli' til boli'p, wonin' ja'rdeminde Internet web- betlerine kiritiletug'i'n mag'li'wmatlar jaraladi'.HTML de keste jarati'w <TABLE> tegi menen baslani'p </TABLE> tegi menen tamamlanadi.HTML tilinde kesteler ha'm grafikler jarati'w internet tarmag'i'na mag'li'wmat kiritiwde ju'da' qolayli' boli'p yesaplanadi'.

Kesteler ja'rdeminde studentler topari haqqi'ndag'i mag'li'wmatlardi' yagni'y familiyasi',ati',a'kesinin' ati',tuwi'lg'an ji'li',jasaw worni' ha'm basqada mag'li'wmatlardi' i'qsham tu'rde su'wretlew mu'mkin.Internet tarmag'I'na sport jari'slari', futbol woyi'nlari' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' keste ja'rdeminde

kiritiw mu’mkin.Ja’nede internet paydalaniwshilari grafik obiektleri arqali wo’zlerine qi’zi’q bolg’an mag’li’wmatlardi’ ha’r qi’yli’ tiptegi su’wretler,dawi’sli’ fayllar ha’mde video klip ko’rinisinde ko’riwi mu’mkin. Grafikali’q obiektlerden ja’nede ha’r qi’yli’ kompaniya ,firma logotiplerin jaratiwda da paydalani’ladi’.Internet tarmag’i’nda grafikaliq obiektlerden paydalani’wdi’n’ ja’nede unamli’ ta’repleri’nen biri ,tek keste ha’m tekstli jazi’wlardan paydalani’p qoymastan kompaniya,firmalar wo’zlerinin’ jumi’s tarawi’n,tovar wo’nimlerin ha’mde bos jumis wori’nlari’ haqqi’nda su’wretler,dawi’sli’ fayllar ja’nede video klip ko’rinisinde reklama yetiwi mu’mkin.Brauzerde GIF, JPEG ha’m PNG formattag’i’ grafikali’q fayllardi’ sa’wlelendiredi.GIF formati’ndag’i’ fayllar animatsion ko’rinisler jarati’w imkanin beredi.JPEG formati’ndag’i’ fayllar bolsa foto ko’rinislerdi saqlawda isletiledi.PNG formati’ bolsa ko’rinistin’ joqari’ sapali’ ha’m grafikali’q fayllardi’n’ kishi ko’lemde boli’wi’n ta’miynleydi. Bul bolsa internet paydalani’wshi’lari’na qolayli’qlar jaratadi’.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR


1. Abduqodirov A., Xaitov A., Shodiyev R. “Xabar texnologiyalari”. Sabaqliq. Tashkent- “O’zbekistan”-2001.
2. Aripov A. “Informatika tiykarlari”. T., 2000 j.
3. Aminov I.B. Informatika va dasturlash fanidan mashg’ulotlar. Uslubiy qo’llanma.-SamDU,Samarqand,2004 y.
4. Макарова А.В “Информатика” Москва 1999 г.
5. http://www.ziyonet.uz
6. http://www.referatarxiv.uz